

SEKSYON VIII – KONFIDANSYALITE DOSYE ELÈV

Dwa

Elèv-yo gen asirans lekòl-yo kenbe dosye-yo an sekirite epi konfidansyèl. Elèv ki gen dizwitan (18) oswa plis andwa chache konnen enfòmasyon ki nan pwòp dosye pa-yo.

Elèv-yo andwa atann aske lòt moun respekte efè pèsonnèl-yo.

Koleksyon, itilizasyon ak komunikasyon nimewo sosyal sekirite elèv:

Lwa Leta Florid, F.S. § 1008.386 ekzije nimewo sosyal sekirite yon elèv pou rapò DOE, pou dosye pèmanan elèv-la, pou matche non-li nan evalyasyon, pou verifiye aplikasyon bous pou elèv, kòm sa nesesè [42 U.S.C. § 1758, 7 C.F.R. 245.6 (a) et seq.]; nan sèten ka, fanmi oswa elèv majè kapab bay otorizasyon alekri pou yo itilize nimewo-a. Elèv-yo pa blije bay nimewo kat sosyal sekirite-yo kòm kondisyon pou yo anwole oswa diplome. Nimewo sosyal sekirite dwe rete konfidansyèl epi li pa dwe janm aksesib pou piblik-la dapre lwa Florida Statutes

REGLEMAN

Tout elèv andwa gen lavi prive-yo epi gen responsablite respekte dwa lezòt.

1. Yo dwe respekte ransèyman sou lòt moun epi kenbe-yo konfidansyèl.
2. Elèv kap ede pa dwe nan sal kote yo kapab fè lekti dosye elèv ak dokiman pèsonnèl ki konfidansyèl.

AVI SOU LWA FAMILY EDUCATIONAL RIGHTS AND PRIVACY ACT (FERPA)

Family Educational Rights and Privacy Act se yon lwa federal ki garanti tout sa ki nan dosye edikasyon yon elèv egzak epi sekre.

Lwa Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), F.S. 1002.22, ak SB Policy 5100.1-an bay fanmi (manman, papa), gadyen legal, elèv ki kalifye / elijib (elèv ki gen plis pase dizwitan -18) sèten dwa ki anrapò ak dosye edikasyon yon elèv. Dwa-sa-yo se:

- (1) Dwa konsilte epi revize dosye edikasyon yon elèv nan 30 jou apre Distrik-la resevwa demann aksè dosye. Paran oswa elèv ki elijib dwe depoze pou direktè-a yon demann ekri ki esplike egzakteman ki dokiman yo ta renmen konsilte. Direktè-a (prensipal-la) ap pran dispozisyon pou fasilite aksè nan dosye-a epi fè fanmi oswa elèv ki elijib konnen kilè epi ki kote yo kapab vin konsilte dokiman-an. Lè dosye edikasyon elèv-la gen enfòmasyon sou plis pase yon elèv, fanmi-an dwe konsilte ransèyman ki konsènen pitit-li sèlman.

Responsablite

Elèv-yo responsab konnen ki jan lekòl-la fè jwenn ransèyman ki nan dosye lekòl-yo, ki jan yo sèvi ak enfòmasyon-an epi ki sa li vle di.

- (2) Dwa pou yo fè chanjman nan dosye edikasyon elèv-la. Fanmi oswa elèv ki elijib-la gen dwa mande Distrik-la (Broward County School District) pou yo chanje yon dokiman si yo kwè li pa kòrèk, si li gen erè ladann oswa li vyole dwa konsènan lavi prive elèv-la. Yo dwe ekri yon lèt voye bay direktè lekòl-la pou esplike egzakteman ki pati nan dosye-a yo vle pou yo chanje epi esplike pou ki rezon yo fè demann-nan.

Si Distrik-la deside li pap chanje dokiman-sa-a jan fanmi-an oswa elèv ki elijib mande-li, Distrik-la dwe notifiye fanmi-an oswa elèv ki elijib-la desizyon li pran epi fè yo konnen dwa yo pou mande yon chitatannde (hearing) nan 45 jou pou diskite demann chanjman-an. Fanmi-an oswa elèv ki elijib la va resevwa plis ransèyman sou pwosedi chitatannde-a lè yap avize-yo sou dwa-yo pou yon chitatannde.

- (3) Dwa pou bay konsantman yo pou transmèt ransèyman ki kapab idantifye elèv-la epi ki nan dosye edikasyon elèv-la jouk rive nan pwen lwa FERPA otorize pou yo kominike enfòmasyon ki nan dosye elèv-la san konsantman pa nesesè. FERPA pèmèt kominikasyon dosye, san konsantman pa nesesè, nan diferan sitiyasyon, tankou transmèt yon ofisyèl lekòl ki gen yon enterè byen fonde nan edikasyon, dosye li bezwen, konfòmman ak òdonnans yon tribinal oswa yon sitasyon. Si lekòl-la kominike dosye pou reponn yon òdonnans tribinal oswa sitasyon, yap notifiye fanmi-an, sòf nan ka lalwa entèdi notifikasyon sila-a. Diplis, FERPA otorize plizyè tip lòt kominikasyon ki pa bezwen konsantman yon lòt pati, tankou kominike pati ki konsènen-an ransèyman ki gen konnèksyon ak yon ijans, si se nesesè, pou pwoteje sante oswa sekirite elèv-la ak lòt moun epi ak ajans gouvènmanal.

“Directory Information” – rejis ransèyman gen ladann ransèyman ki kapab idantifye pèsònèlman yon elèv. Yo pap konsidere ransèyman-an kòm nwizib oswa yon atak sou lavi prive si yo divulge-li. School Board of Broward County klase ransèyman-sa yo nan rejis ransèyman-li (Directory Information): non elèv-la, si li gason oswa fi, adrès lakay-li, nimewo telefòn, dat nesans ak ki kote elèv-la fèt, matyè prensipal etidye, patisipasyon-li nan aktivite ak espò lekòl-la responsab, wotè ak pwa manm ekip atletik, dat elèv-la prezan lekòl, diplòm ak pri elèv-la resevwa, epi non lekòl resan elèv-la te ale oswa nan pwogram resan elèv-la te patisipe ladann. School Board rezève dwa-li pou li kominike ransèyman ki nan rejis ransèyman-li “Directory Information” bay a) kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa yo kapab rekrite-li, oswa b) kominike ransèyman pou piblikasyon lekòl ak lòt zouti kominikasyon pou lekòl (tankou, men pa limite, avèk albòm pwomosyon, pwogram atletik, pwogram gradyasyon, ak pwogram teyat).

Manman/papa oswa gadyen legal elèv kap fè nenpòt klas (oswa elèv ki gen laj dizwitan oswa elèv kap frekante enstitisyon siperyè

apre lekòl segondè) kapab chwazi (refize) pou lekòl-la pa kominike yon pati oswa tout ransèyman sou pitit-li ki nan “Directory Information”, mansyonnen anwo-a. Nan fòmilè FERPA pou notifiye chwa-ou ki nan liv regleman-sa-a sou kondwit elèv, fanmi/gadyen legal oswa elèv ki elijib dwe endike ki kalite ransèyman ki nan “Directory Information” li pa vle ki kominike (transmèt). Fòmilè FERPA pou notifiye chwa-ou dwe depoze nan biwo direktè-a chak ane.

School Board of Broward County kapab bay lame, rekritè lame, ak/ oswa enstitisyon apre lekòl segondè, non, adrès, ak nimewo telefòn elèv kap fè onzyèm ak douzyèm ane (11th ak 12th grades). Fanmi/gadyen legal oswa elèv ki kalifye kapab chwazi pou anpeche lekòl-la transmèt lame/rekritè lame ak/oswa enstitisyon siperyè apre lekòl segondè, ransèyman ki nan rejis ransèyman lekòl-la. Nan fòmilè pou notifiye chwa-ou No Child left behind (NCLB) ki nan liv regleman-sa-a sou kondwit elèv, fanmi/gadyen legal dwe endike egzakteman kategori enfòmasyon yo pa vle ki kominike. NCLB Fòmilè pou notifiye chwa-ou dwe depoze chak ane nan biwo direktè-a.

- (4) Dwa pou ou pote plent nan U.S. Department of Education si fanmi-an oswa elèv ki elijib-la kwè Distrik-la pa respekte regleman FERPA. Men non ak adrès biwo ki okipe tout sa ki konsènen FERPA se Family Policy Compliance Office • U.S. Department of Education • 400 Maryland Avenue, S.W. • Washington, DC 20202-4605.

Si ou vle diskite epi eseye rezoud pwoblèm ou genyen ak FERPA, anvan ou pran kontak avèk biwo Family Policy Compliance Office, ou kapab kontakte ofisyè anachaj nan SBBC (SBBC Privacy Officer) nan 754-321-1914

• Ofisyèl lekòl se yon moun Distrik-la anplwaye. Li kapab yon administratè, yon sipèvizè, yon enstriktè oswa yon manm pèsònèl sipò (pèsònèl swen sante ak medikal epi lapolis pou ranfòse lalwa ladann tou); li kapab yon moun ki okipe yon fonksyon nan School Board; yon moun oswa yon konpani Distrik-la kontrakte pou fè yon travay espesyal (tankou avoka, kontab, konsiltan medikal oswa terapè); yon anplwaye biwo oswa yon parapwofesyonèl manm pèsònèl ki asiste yon lòt ofisyèl lekòl nan kad travay pwofesyonèl-li.

• Enterè byen fonde nan edikasyon se lè yon ofisyèl lekòl bezwen konsilte yon dosye edikasyon pou li kapab akonpli responsablite pwofesyonèl-li.

Pou plis ransèyman, gade SB Policy 5100.1. Regleman-sa-a esplike pwoteksyon dwa fanmi ak elèv genyen konsènan konfidansyalite dosye edikasyon elèv. Ou kapab gade regleman konplèt sou dosye elèv ak tout regleman School Board nan sit Entènèt <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies>.